Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANTÈ ETA NOUYÒK AN REPONS AK DEMANN ENFÒMASYON SOU DEVLOPMAN PLAN DAKSYON SOU ENTELLIJANS ATIFISYÈL

Li mande administrasyon Trump lan pou l priyorize konpetitivite ak komèsyalizasyon mondyal, pwopriyete entelektyèl ak sekirite rechèch, ak inovasyon ak sifizans enèjetik

Prekosyon kont politik ki afebli fondasyon inovasyon Ameriken an, enkli rediksyon nan finansman federal pou rechèch syantifik ak inivèsitè, ak afebli Lwa CHIPS la

Komantè Eta Nouyòk yo disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodia kòmantè Eta Nouyòk an repons ak demann enfòmasyon sou devlopman yon Plan Daksyon sou Entèlijans Atifisyèl nan men Administrasyon Trump lan. Kòm yon lidè mondyal nan IA (AI) ak teknoloji ki gen rapò ak li, Nouyòk te estimile avansman ki te avanse sekirite nasyonal ak ekonomik Amerik la, elaji deplwaman an sekirite ak itilizasyon IA, yo te kreye bon jan kalite djòb, ak elaji aksè ak sistèm enfòmatik ki bay pèfòmans siperyè. Nouyòk se lakay enstitisyon rechèch ki renome nan mond lan, konpayi IA pyonye yo, ak yon ekosistèm inovasyon k ap pwospere ki te mennen nan ogmantasyon pwodiktivite ekonomik gras ak dekouvèt ki pote transfòmasyon nan AI, semi-kondiktè, ak rezo pwopòsyon ak enfòmatik. Pandan gouvènman federal la ap devlope yon Plan Daksyon IA, Nouyòk ankouraje Administrasyon Trump la pou l priyorize konpetitivite ak komèsyalizasyon mondyal, pwopriyete entelektyèl ak sekirite rechèch, ak inovasyon ak sifizans enèjetik.

"Etazini nan yon kous ak Lachin ak rès mond lan nan revolisyon IA mondyal la, epi ak premye konsòsyòm Empire AI nou an nan nasyon an, Nouyòk ap trase chemen an. Avèk ekonomi inovasyon klas mondyal nou an, envèstisman nan rezo enèjetik, ak pwoteksyon dwa pwopriyete entelektyèl atis ak kreyatè yo nou pare pou asire ke IA se yon fòs pou byen, pa sèlman pou gwo konpayi mondyal yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòk ap kontinye ede Nouyòkè yo lanse biznis ak jwenn bon jan travay nan ekonomi k ap grandi sa a pandan y ap bati yon avni IA ki an sekirite, dirab, ak konpetitif globalman. Nou akeyi opòtinite pou kolabore ak Administrasyon Trump lan pou avanse objektif sa yo."

Angajman Gouvènè Hochul pou fè avanse lidèchip Nouyòk nan IA chita sou pi gwo ajanda li a pou elaji devlopman teknoloji dènye kri nan Empire State la. Ane pase, Gouvènè Hochul te nonmen Direktè Egezekitif Jeneral IBM Arvind Krishna ak Direktè Egezekitif Jeneral Girls Who Code Doktè Tarika Barrett antanke ko-prezidan Konsèy Konsiltatif Teknoloji k ap Emèje a (Konsèy la) ki te fèk kyeye – yon gwoup endepandan lidè endistri ki responsab pou enfòme ak akselere transfòmasyon Nouyòk nan yon sant pou kwasans ak inovasyon. Konsèy la te pibliye premye rekòmandasyon yo an desanm 2024.

Direktris Operasyon ak Enfrastrikti Eta Nouyòk la, Kathryn Garcia, te deklare, "Nou vle pwofite teknoloji IA pou benefisye moun ak òganizasyon yo atravè Eta Nouyòk. Kòm yon lidè nan IA ak teknoloji k ap emèje yo, Nouyòk ap fè envèstisman ki nesesè pou asire ke Etazini gen yon avantaj konparatif sou konpetitè mondyal yo."

Ofisye Sibènetik an Chèf Eta Nouyòk la, Colin Ahern, te deklare, "Nouyòk fò nan talan endistri, ekspètiz akademik, ak lide inovan. Nou vle asire resous sa yo ranfòse eta ak nasyon nou an epi advèsè nou yo pa detoune yo. Sekirite rechèch solid ak pwoteksyon pwopriyete entelektyèl pral ede asire ke benefis IA yo ede Nouyòkè ak Ameriken yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Devlopman Empire State la, Hope Knight, te deklare, "Nouyòk pral kontinye pwofite ekosistèm inovasyon k ap pwospere nou an pou devlope ak komèrsyalize IA ki kreye bon jan djòb, atire plis envestisman, epi ranfòse sekirite ekonomik nou an plis."

Gouvènè a te siyen anvan sa lejislasyon istorik Green CHIPS Nouyòk pou estimile rechèch, devlopman ak fabrikasyon nan Eta Nouyòk epi li te anonse yon patenarya 10 milya dola pou pote rechèch pis pwochèn jenerasyon an nan Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la. Gouvènè a te kontinye fè avanse yon Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola pou sipòte inovasyon nan rechèch byomedikal. Anplis de sa a, atravè envestisman estratejik tankou inisyativ 113.7 milyon dola Battery-NY, Gouvènè Hochul te ankouraje kwasans dirabilite, teknoloji vèt, ak ekonomi depo enèji nan Eta Nouyòk.

Ajanda inovasyon Gouvènè a te katalize gwo envestisman piblik ak prive, ki transfòme ekonomi Nouyòk epi kreye travay ki byen peye nan lavni. Dènyèman, GlobalFoundries te anonse yon envestisman 11.6 milya dola pou elaji kanpis fabrikasyon pis li a nan Rejyon Kapital Nouyòk, sa ki kreye 1,500 djòb dirèk ak plizyè milye djòb endirèk. An 2022, Micron te anonse yon envestisman 20 ane, 100 milya dola pou kreye yon kanpis megafab nan Sant Nouyòk, k ap kreye 50,000 nouvo djòb dirèk ak endirèk epi debloke plizyè santèn milyon dola nan benefis kominote a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU